

## Amafaranga yawe hamwe n'uburenganzira ku nfishanyo yivyo kurya hamwe nivyo

IZINA RY'UWUSABA (UWUSERUKIRA URUGO)

INOMERO Y'UWUSABA KWEMERERWA (UWUSERUKIRA URUGO)

### Ivyo utegerezwa (utegerezwa)

- **Kuduha amakuru dukeneye kugira twemeze ko ubikwiye.**
- **Kuduha ivyemezo mu gihe bikenewe.** Turashobora kubigukorera. Amakuru mutanga ku gisata aratohozwa n'igihugu hamwe na n'abakozi ba reta. Mwisuzuma harashobora kubamwo igenzura rikozwe n'abakozi bo mu gisata harimwo n'amatohoza y'ubusuma.
- **Amakuru yatanzwe mu gisata c'imibano n'amagara y'abantu** ashobora gutuma utemererwa gufashwa mu vyerekeye ubuvuzi butangwa na n'Ubuyobozi bujewe amagara y'abantu hamwe n'Igisata kijejwe gutanga uturusho.
- **Menyesha impinduka** (akarorero. aderese, amafaranga winjije, n'ibindi). nkuko bisabwa muri WAC 388-418-0005. Bimenyeshe igenekerezo rya 10 ry'ukwezi kuza.
- **Korana n'Igisata kijejwe gufasha abana (DCS)** nimba wemera gufashwa na TANF. Utegerezwa gufasha DCS gushiraho, guhindura, gutsimbataza gufasha umwana muvuyo mwitaho, kandi mugashiraho ubuvyeyi (nimba ari ngombwa). Ushobora kwanka gukorana na DCS nimba ubasha kwerekana ko ufise invo yunvikana ko gukorana na DCS bigushira, bishira umwana wawe, canke umwana ureze mu kaga ko gugirirwa nabi biturutse ku muvuyeyi yimwe uburenganzira bwo kurera uwo mwana.
- **Saba kwemererwa** ugire akigoro kaboneka mu kurondera ahandi wokura amafaranga mugihe usaba canke uronswa infashanyo y'amafaranga.
- **Uzuza ivyegeranyo hamwe n'ibindi bisabwa.**
- **Kurikiza ibisabwa ku kazi** kugira ngo ufashwe mu vyerekeye amafaranga n'ibifungurwa.
- **Tumenyeshe** nimba ushaka ko hari uwundi muntu yokoresha infashanyo y'infungurwa yawe mw'izina ryawe.
- **Korana neza n'Igisata cacu kijejwe isuzuma ry'ubuziranenge.**
- **Koresha amafaranga yagenewe infashanyo y'ibifungurwamu** kugurira ibifungurwa abagize umuryango wawe gusa.
- **Koresha amafaranga yagenewe infashanyo y'infungurwa** ku nyungu z'abagize umuryango wawe gusa.
- **Utegerezwa gutanga inomeru zo kwitegekaniriza** (SSN) canke ivyangombwa winjiriyeko mu gihugu kubasaba kwemererwa infashanyo gusa. Iyo uhisemwo kudatanga inomeru yo kwitegekaniriza canke ivyangombwa winjiriyeko mu gihugu ku bagize umuryango wawe batasavye kwemererwa, amafaranga abagize urugo rwawe binjiza yose hamwe n'izindi nyungu bitegerezwa kubandanya bisuzumwa, mu gihe bikenewe, kugirango vyemezwe ko babikwiye.

### Uburenganzira bwanyu (Ivyo Dutegerezwa)

- **Kwakira ugusaba kwemererwa** hariko izina ryawe, aderese, n'igikumu cawe canke ico uwuguserukira.
- **Kugufasha kwuzuza ifishe za DSHS.**
- **Gutunganya** ivyerekeye gusaba kwemererwa kwawe mu misi 7 iyo wemerewe gufashwa.
- **Kuguha icemezo** iyo ugisaye mu gihe utanze dosiye.
- Kuguha icemezo mu buryo bwanditse, akenshi na kenshi mu gihe c'imisi 30.
- **Urashobora kwanka kuvuga n'uwujewe gukora** amatohoza aturutse mu biro bijewe amatohoza ku bunyonyezi hamwe no gukoresha nabi ibintu. Ntutegerezwa kureka uwujewe amatohoza ngo yinjire mu nzu iwawe. Urashobora gusaba uwujewe amatohoza kugaruka ikindi gihe. Ivyo ntibizogira ingaruka ku bijanye no kwemererwa kwawe.
- **Urashobora gusaba kwunvirizwa mu rubanza** iyo utemera ingingo yafashwe n'igisata ku ngorane ufise. Urashobora kandi gusaba umuyobozi canke umutegetsi gusubiramwo ingingo iteye amatati canke gukora atabangamiye uburenganzira bwawe mw'iburanisha.
- **Dutegerezwa kukumenyesha** kubijanye n'igihe c'amezi 60 ntarengwa akurikizwa mu vyerekeye infashanyo y'igihe gito ku miryango iri mu ngorane. Iki gihe ntarengwa ntikiraba ivyerekeye infungurwa vya nkenerwa, canke koroherezwa mu kwitaho umwana.

### Ibintu uterezwa kumenya ku biraba ikarata ya EBT yawe

- **Gukoresha nabi uturusho:** infungurwa hamwe n'amafaranga vyatanzwe biciye mw'ikarata ya EBT bizoha amakuru yose yuko wakoresha utwo turusho naho wadukoresheje. Igisata kizokoresha amakuru yerekeye uko wakoresha amafaranga mu matohoza ajanye no gukoresha nabi infashanyo y'amafaranga canke kugurisha infashanyo y'ibifungurwa ushaka amafaranga canke ibindi bintu vy'agaciro (magendu).
- **Guhindura ikarata ya EBT:** Tuzokurishisha mu gihe uhinduye ikarata za EBT. Bungabunga ikarata ya EBT yawe hamwe n'inomeru yawe ikuranga (PIN) neza kandi mu buryo bufise umutekano.
- **Ikarata za EBT ziriko amafaranga menshi:** iyo umaze igihe c'amezi udakoresha uturusho twawe ku gihe canke yarabayeho menshi inyuma y'igihe c'amezi, tuzoguhamagara dusuzume ingorane yawe canke ko ukeneye uturusho.

**Ibintu utegerezwa kumenya (INFUNGURWA ZA NKENERWA)**

- **Turarungika amakuru** yerekeye abantu basaba kwemererwa infungurwa zaa nkenerwa ku yandi mashirahamwe kugira ngo hasuzumwe ko amakuru ari ayukuri. Nimba hari amakuru atari yo, abo bantu basaba kwemererwa infashanyo y'ibifungurwa bashobora kutayihabwa. Nimba umuntu atanze amakuru ko bari bazi ko atari ukuri, barashobora gukurikiranwa n'amategeko. Ibihano ku bahonyanze ku bushake amategeko agenga infashanyo y'ibifungurwa bishobora kuba ugukurwamwo muri uwo mugambi, amande, no gushobora gupfungwa.
- **Iyo ugurishije, ugerageje kugurisha, kuvunjisha canke gutanga infashanyo yawe y'ibifungurwa** ku kintu ico arico cose c'agaciro nk'amafaranga, ibiyayuramutwe, ibirwanisho bicira umuriro, canke ibindi atari ibifungurwa ku bantu batemewe (kuri magendu), urashobora gukurwa mu baronka infashanyo y'ibifungurwa nimburiburi mu gihe kingana n'umwaka gushika ku gihe kirekire gishoboka kuwukoze icaha ubwa mbere. Uku gukurwamwo kurabandanya no mu gihe uvuye muri reta ya Washington ugasaba kwemeregeza uturusho mu yindi reta.
- **Iyo utegetswe kuja mu bikorwa bisabwa kugira ngo uhabwe infashanyo y'ibifungurwa**, ntujeyo, urashobora gukurwamwo mu gihe kingana n'ukwezi gushika wujuje ibisabwa gukorwa muri ivyo bikorwa bitakozwe; amezi atatu hanyuma ukuzuzwa ibisabwa utakoze ubwa kabiri; hamwe n'amezi atandatu hanyuma ukuzuzwa ibisabwa utakoze ku ncuro ya gatatu kandi ivyo bigakorwa gutyo buri gihe.
- **Urashobora gukurwa mu mugambi wo gutanga infashanyo y'ibifungurwa vya nkenerwa** biturutse ku guhonyanga amategeko shingiro abigenga nkuko bitegekanijwe mu bihano bigenga ibifungurwa vya nkenerwa vyavuzwe kuri uru rupapuro.
- **Menyeshya amafaranga urugo rwawe rukoresha nimba ushaka ko igisata congera ico kiguzi ku bifungurwa vya nkenerwa.** Iyo utamenyeshesha kandi ngo utange icemezo cayo mafaranga wakoresheje, ubwo biba bisigura ko udashaka ko dukoresha ico gitigiri mu kwemeza ko ushobora guhabwa ibindi bifungurwa vya nkenerwa.

**Ibintu utegerezwa kumenya (Amahera)**

- **Mu kuronswa infashanyo y'igihe gito ku miryango iri mu ngorane** uba uhaye umwana hamwe n'uwo mwubakanye uburenganzira ku gisata kijejwe gushigikira umwana. Ibi bisigura ko DCS izoguma ibona ko uyiharaniye, gushika ku rugero rw'amafaranga rw'infashanyo ya reta uronka. **Utegerezwa kubwira DCS ubwo nyene iyo uronse infashanyo yo gufsha umwana canke uturushotw'umwana** kuri TANF.
- **Iyo uhagaritse kuronka TANF** Utegerezwa kubwira DCS ivyerekeye impinduka izo arizo zose zifise ingaruka ku mwana, nko kwimuka canke guhindura aho uba.
- **Iyo uronse TANF, urashobora gusaba amafaranga y'inyongera** kugira ufashe kuriha inzu vy'igihe gito kandi vyihutirwa.

Hashingirwe kw'itegeko rya reta rigenga uburenganzira bwa muntu hamwe n'igisata ca America kijejwe uburimwi (USDA) amategeko y'uburenganzira bwa muntu na za poritike, USDA, amashami y'ayo, ibiro, hamwe n'abakozi, hamwe n'ibigo biri muri uwo mugambi canke biriko birafasha muri USDA biba bibujijwe ivangura rishingiye ku rukoba, ibara, igihugu wavuyemwo, idini, igitsina, ico uri (harimwo n'amahitamwo y'igitsina) igitsina uhitamwo, ubumuga, imyaka ufise, ico uri mu buzima, umuryango/umuvyeyi uriwe, amafaranga uhabwa aturutse mu bisata vya reta, umugambwe urimwo, canke kwihora ku burenganzira bwa muntu, mu mugambi uwo ariwo wose canke igikorwacakozwe canke cahawe infashanyo na USDA (si vyose bikorwa kuri iyi migambi yose). Igihe ntarengwa co gutanga inyishu hamwe n'ibirego kirahindagurika kuri buri mugambi.

Abagendana ubumuga bakeneye ubundi buryo bwo kuvuganirako ku bijanye no guhererekanya amakuru muri uyu mugambi (akarorero, Uburyo bwo gusoma no kwandika bwagenewe abagendana ubumuga, ibishushanyo binini, udukoresho dutanga amajwi, Uburyo bwo kuvugana bwo muri Amerika hakoreshejwe ibimenyetso, n'ibindi) utegerezwa guhamagara ishira hamwe ribijwe canke USDA's TARGET Center kuri (202) 720-2600 (ijwi TTY) canke uhamagare USDA biciye ku murongo wa reta kuri (800) 877-8339. Ikindi, ni uko amakuru ajanye n'uyu mugambi ashobora kuboneka mu ndimi zindi zitari icongereza.

Mu gutanga ikirego c'ivangura muri uyu mugambi, uzuzwa ifishe y'ikirego c'ivangura ya USDA, AD-3027, usanga ku rubuga ngurukanabumenyi [http://www.ascr.usda.gov/complaint\\_filing\\_cust.html](http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html) hamwe nahari ibiro vya USDA canke wandike ikete wandikira USDA hanyuma utange muri iryo kete amakuru yose asabwa kuri iyo fishe. Kugira usabe kopi y'ifishe y'ikirego, hamagara kuri (866) 632-9992. Tanga ifishe yawe yujuje neza canke ikete kuri USDA ubicishije kuri:

1. Menyeshya: Igisata c'uburimwi ca reta nzunze ubumwe za Amerika  
Iburo vy'icegera c'umunyamabanga ajejwe ubwigenge bwa muntu  
1400 Independence Ave, SW  
Washington, D.C. 20250-9410;
2. Fax: (202) 690-7442; canke
3. Aderesi ku buhinga ngurukanabumenyi: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

USDA ni umukoresha atanga amahirwe angana, akanagurana.

Mu gushirako umukono hano hepfo, nemeje ko naronse uburenganzira hamwe n'ivyo ntegerezwa mu kuronswa uturusho twa DSHS kandi nasiguriwe uwo mugambi. Ndazi ko ndamutse nanse gushirako umukono kuri iyi nyandiko bitazotuma ntemerwa ariko ntegerezwa kubazwa ibisabwa n'uwo mugambi kandi nkafatwa n'ibihano bitegekanijwe n'amategeko.

UMUKONO W'UWUSABA KWEMERERWA

IGENEKEREZO

UMUKONO W'UWURI KUMWE N'UWUSABA KWEMERERWA IGENEKEREZO

Ibiranga abakozi ba DSHS :

Yaranse gushirako umukono.